

Fason pou w Jwenn

Swen Ou Bezwen an

Yon Gid pou
Moun
Andikape



Sa ki nan **Gid la**

Konprann dwa ou yo **2**

Travay ak pwofesyonèl k ap ba w swen an pou w ka jwenn swen ou bezwen an **5**

Kisa pou w fè si ou gen difikilte **6**

Pou plis enfòmasyon **7**

**Lis verifikasyon pou randevou
Lè w ap pran on randevou** **8**

Anvan randevou w la **10**

Pandan randevou w la **11**

Aprè randevou w la **12**

Kesyon ou yo **13**

Resevwa **Swen Ou Bezwen an**

Yon Gid pou Moun ki Andikape

Èske w te konnen pwofesyonèl swen sante yo gen obligasyon pou ofri tout moun aksè a sèvis medikal san fè diskriminasyon paske yo gen yon andikap?

Ou gen dwa pou w jwenn **menm sèvis medikal ak tout lòt moun.**

Sa vle di pwofesyonèl swen sante yo:

- Pa dwe refize ba w sèvis oswa swen medikal paske bilding yo, sal konsiltasyon yo oswa ekipman yo pa aksesib.
- Ta dwe ba w enfòmasyon nanvyon fason ou kapab konprann.



Ou gen dwa pou w gen **modifikasyon ki rezonab, èd ak sèvis oksilyè.**

Sa vle di pwofesyonèl swen sante yo dwe:


- Bay entèprèt lang siy ki kalifye, aparèy pou ede tandè, oswa materyèl an bray oswa ki gen gwo karaktè.
- Pèmèt yon bèt sèvis antre nan sal kote pasyan entène ak sal konsiltasyon. (Nan kontèks sa a, yon bèt sèvis vle di nenpòt chen ki fòme pou travay oswa fè yon travay pou yon moun ki andikape.)



Lwa federal yo pwoteje dwa ou genyen yo epi yo entèdi diskriminasyon.

Sa vle di pwofesyonèl swen sante yo pa gen otorizasyon pou:

- Refize ba w sèvis ni fè w rete tann pi lontan jis paske ou gen yon andikap.
- Egzije w vini avèk yon moun pou entèprete pou ou, li, oswa lòt kalite asistans.
- Mande w peye frè anplis pou tradiksyon bray oswa entèprèt lang siy.



Travay avèk pwofesyonèl ka p ba w swen an pou w ka **jwenn swen w bezwen**.

- **Lè w ap pran yon randevou**, di moun k ap fikse randevou a ki bezwen w genyen ki fè w ap pran randevou a.
- **Nan kòmansman randevou a**, fè pèsònèl la sonje bezwen w yo. Ou kapab mande pwofesyonèl swen sante w la fè kèk chanjman senp nan fason li kominike avèk ou. Pa egzanp, si w avèg, ou ka mande pwofesyonèl k ap ba w swen an dekri sa l ap fè pandan konsiltasyon an epi di w sa anvan li manyen ou.
- **Pandan randevou a**, fè pwofesyonèl k ap ba w swen an konnen ki pwoblèm ou rankontre. Si w pa santi w alèz pou fè sa, ou kapab fè li konnen alekri oswa nan telefòn.



Kisa pou w fè **si w rankontre difikilte.**

- **Pale avèk pwofesyonèl k ap ba w swen an oswa responsab klinik la de pwoblèm ou genyen yo** epi pale sou sa pèsònèl la kapab fè pou satisfè bezwen w yo.
- **Kenbe yon dosye alekri oswa elektwonik de enkyetid pwoblèm ou yo.**
- Si w gen asirans Medicare ak/oswa Medicaid epi w santi yon pwofesyonèl swen sante te trete w mal paske w andikape, **ou ka depoze yon plent pou diskriminasyon san w pa bay non w.**



**Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou
w depoze yon plent pou diskriminasyon san
w pa bay non w:**

- Rele HHS Office for Civil Rights (Biwo HHS pou Dwa Sivil) gratis nan **(800) 368-1019** oswa TDD gratis nan **(800) 537-7697** Ale sou:
<https://ocrportal.hhs.gov/ocr>
- Voye plent ou an pa lapòs nan:
**U.S. Department of Health & Human Services,
200 Independence Avenue, SW, Room 509F,
HHH Building, Washington, DC 20201**

**Pou w jwenn enfòmasyon sou
bòdwo oswa reklamasyon Medicare yo:**

- Ale sou **Medicare.gov** oswa rele nan
1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).
Moun ki itilize TTY yo kapab rele nan
1-877-486-2048



Fason pou w Jwenn **Swen Ou Bezwen an**

Lis Verifikasyon Randevou pou Moun ki gen Andikap yo

Itilize lis verifikasyon sa a pou ede w jwenn swen ou bezwen an anvan, pandan ak apre randevou w lan.

Fason pou w pran randevou

Lè w rele pou w pran on randevou, enfòm moun k ap fikse randevou de bezwen w genyen pou randevou a epi mande a kisa pou w atann ou. Sa pral ede ou menm ak pwofesyonèl k ap bay swen an pare pou randevou a.

Si moun k ap fikse randevou ou pale avèk li a pa nan klinik pwofesyonèl k ap ba w swen an, ou kapab rele klinik pwofesyonèl ki ba w swen sante w la dirèkteman pou w pale sou bezwen w yo ak sa pou w atann.

Si w chwazi pran randevou w lan sou entènèt, eseye dekri sa w pral bezwen an nan fòm sou entènèt la oswa fè swivi an nan telefòn.



Fason pou w pran randevou

- ☐ A kisa pou m atann mwen pandan randevou m nan?
- ☐ Kijan m pral jwenn èd espesifik m bezwen an? Pa egzanp, “m gen pwoblèm pou m monte sou tab konsiltasyon, donk m ap bezwen èd.”
- ☐ Èske m kapab mande plis tan pou randevou m lan?
- ☐ Kòman m pral fè gen aksè a bilding lan, klinik lan, sal konsiltasyon, twalèt, balans ak ekipman yo?
- ☐ Ki opsyon ki disponib pou transpò ak pakin?
- ☐ Èske gen yon moun k ap disponib pou ede m lè m rive nan bilding lan?
- ☐ Ki fòm m pral bezwen ranpli, epi èske m kapab ranpli yo anvan randevou a? Èske yo bay fòm sa yo nan fòm ki aksesib?
- ☐ Ki pi bon mwayen pou m anrejistre sa m diskite avèk pwofesyonèl k ap ban m swen an? Èske m ap resevwa yon rezime vizit la nan yon fòm ki aksesib, oubyen èske m kapab itilize yon aparèy anrejistreman pandan randevou a?

Anvan randevou w la

Li enpòtan pou w vini tou pare nan randevou w lan. Men kèk bagay ou kapab fè pou w prepare randevou an:

- ☐ Ekri oswa anrejistre kesyon ou vle poze pwofesyonèl k ap ba w swen an.
- ☐ Pote kat asirans ou, yon lis medikaman w yo ak tout dòzaj yo, ak enfòmasyon pou kontakte famasi w ak ansam ak lòt pwofesyonèl ki ba w swen.
- ☐ Deside fason ou prale nan randevou an, epi planifye avèk kèlkeswa moun ki prale nan randevou a avèk ou.
- ☐ Verifye pou wè si gen pakin aksesib ki disponib. Si w ap pran transpò piblik, verifye wout ki soti kote nan stasyon an rive nan klinik pwofesyonèl k ap ba w swen an.
- ☐ Pote yon kaye oswa aparèy anrejistreman, oswa mande yon fanmi oswa moun ki akonpanye w la pou li vini avèk ou pou li pran nòt.

Pandan randevou w la

Menm lè w vini tou pare, pafwa bagay yo pa pase selon plan w lan oswa pwoblèm ou pa t prevwa ka rive.

Lè sa rive, li enpòtan pou w di yon moun sa. Pwofesyonèl k ap ba w swen an ak pèsònèl klinik lan ka anmezi pou fè chanjman ki pèmèt ou jwenn swen w bezwen an. Ou ka twouve li itil pou ou:

- ☐ Fè pèsònèl la sonje asistans ou te mande a anvan randevou an.
- ☐ Mande nenpòt kalite modifikasyon ou gen bezwen (tankou anrejistreman randevou a oswa lòt èd ak sèvis oksilyè).
- ☐ Di yon moun sa si y ap mande w fè yon bagay ki difisil pou ou.
- ☐ Se pou w dirèk, onèt epi bay presizyon lè w ap pale ak pwofesyonèl k ap ba w swen an de pwoblèm sante ou genyen yo.
- ☐ Poze kesyon ou te pote yo.
- ☐ Repete sa pwofesyonèl k ap ba w swen an di w yo nan pwòp mo pa w pou asire w ke w konprann.
- ☐ Ekri oswa anrejistre tout nouvo enfòmasyon oswa pwochen etap yo, oswa fè yon fanmi oswa moun ki akonpanye w la pran nòt.

Aprè randevou w la

Fè swivi avèk pwofesyonèl ki ba w swen an sou nenpòt pwoblèm ou genyen yo pa t rezoud pandan randevou w lan. Li ta bon pou w poze kesyon sou:

- ☐ Fason pou w jwenn yon rezime vizit la nan yon fòm ki aksesib.
- ☐ Lòt etap oswa randevou swivi pwofesyonèl ki ba w swen an rekòmande yo.
- ☐ Fason ak lè pou w pran tout nouvo medikaman.

Si w santi ou pa t jwenn yon tretman ekitab pandan vizit la paske ou se yon moun andikape, ou kapab pale ak responsab klinik lan.

Si li nesesè pou rive pi lwen avèk sa epi ou gen asirans Medicare oswa Medicaid, ou ka depoze yon plent sou entènèt devan U.S. Department of Health & Human Services (HHS) (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini), Office for Civil Rights (OCR) (Biwo pou Dwa Sivil) lè w: ale sou **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr>**, rele OCR gratis nan **(800) 368-1019** (TDD gratis nan (800) 537-7697), voye plent ou an pa lapòs bay **U.S. Department of Health & Human Services**: 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building Washington, DC 20201

Kesyon w yo

Kesyon 1 _____

Kesyon 2 _____

Kesyon 3 _____

Lòt pwofesyonèl ki ba w swen

Non pwofesyonèl swen sante a, non klinik lan ak nimewo telefòn li:

Non pwofesyonèl swen sante a, non klinik lan ak nimewo telefòn li:

Non pwofesyonèl swen sante a, non klinik lan ak nimewo telefòn li:

Medikaman w yo

Non medikaman an ak dòz li:

Non medikaman an ak dòz li:

Non medikaman an ak dòz li:

go.cms.gov/omh

Revize an janvy 2020

*Se Depatman Sante ak Sèvis
Sosyal Etazini ki te Peye pou
Dokiman sa a*

